oqıwshılardı óz ústinde islew, ózbetinshe oqıp úyreniwine múmkinshilik jaratadı.

Biraq biz izertlewimizde kreativlikti sabaq procesinde berilgen wazıypaǵa ózgeshe jol tabıw hám onı ilimiy tiykarlay alıw, jańasha pikirlew, nátiyjeni ámelde qollana alıw qábileti dep aldıq. Yaǵnıy bilimlendiriw tarawına tiyisli kreativlikti, sol qatarda, baslawısh klass oqıwshılarınıń kreativ qábiletlerin rawajlandırıw metodikasın kórip shıǵamız. Ata-analar hám oqıtıwshılar balalarda kreativlikti rawajlandırıwda durıs qarım-qatnas alıp barıw usıllarınan mısallar keltirip ótemiz.

- balalardıń sorawlarına shıdamlılıq penen durıs juwap beriń hám olardıń sorawları hám pikirlerin durıs qabıl etiń;
- waqtı-waqtı menen balalarǵa olardı jaqsı kóriwińizdi hám olardı qanday bolsa, sonday qabıllawıńızdı ámelde kórsetiń;
- balalarǵa múmkinshiliklerine sáykes jumıslardı buyırıń, olarǵa jeke rejelerin islep shıǵıw hám qarar qabıllawǵa kómeklesiń;
- kemshiliklerin kórsetken halda basqalar menen salıstırmań, balanı kemsitpeń hám ózin jaman, ázzi dep esaplawına jol qoymań;
- onı erkin pikirlewge úyretiń, onı túrli waqıyalardı oylap tabıwǵa, fantaziya etiwge májbúrleń, bul proceste oǵan járdemlesiń;
- balanı jaslıqtan oqıp-úyreniwge ádetlendiriń, mudamı balanıń mútájliklerine itibar qaratıń;
- qáteleri ushın balanı masqara etpeń, hár bir jetiskenligi ushın maqtań;
- balanı túrli jastaǵı insanlar menen ushırasıwǵa úyretip barıń;
- onıń menen talqılanatuǵın temalardı sheklemeń;
- balaǵa onıń shaxs bolıp qáliplesiwi ushın járdem beriń;
- balaǵa «Men de bunı bilmeymen» dep onı itibarsız bolıwǵa úyretpeń;
- balaǵa eger ol jumıstıń unamlı nátiyjege iye bolıwına isenbese de, baslanǵan jumıstı aqırına jetkiziwi ushın múmkinshilik jaratıń hám t.b. [3].

Oqıwshılardıń kreativlik qábiletin rawajlandırıwda ata-analar hám oqıtıwshılardan joqarı sabırlılıq talap etedi.

Eń aldı menen, oqıtıw barısında hár bir sabaq procesi dúzilisinde anıqlıq bolıwı hám oqıtıwshı oqıwshılarǵa erkinlikti, álbette, normasında támiyinlep beriwi kerek.

Baslawısh tálimniń ózine tán ózgesheliklerinen biri bul – balalardıń mektepke tayarlıq dárejesi, social tájiriybesi, psixo-fiziologiyalıq rawajlanıwı birdey emesliginde bolıp tabıladı. Soǵan qaray baslawısh tálim oqıw dástúri programmalarındaǵı tapsırmalarda oqıwshılarda bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardı qáliplestiriwge itibar berilgen bolsa da, biraq oqıwshılarda dóretiwshilik iskerlikti rawajlandırıw tiykarında olardı jetilistiriw zárúr. Yaǵnıy, oqıtıwshılar juwapkershilik hám itibar menen qarawı zárúr.

**Juwmaq.** Pikirimiz juwmaǵında sonı aytıp ótiwimiz múmkin, oqıwshılardıń qábiletin anıqlaw, olardıń kreativ pikirlewin ele de rawajlandırıw yamasa qanday da bir faktorlar sebepli olardaǵı kreativlik sapalardı hám ilimiy tájiriybelerdi rawajlandırıwda tosqınlıq júzege kelse, oqıtıwshı bul faktorlardı waqtında saplastırıwǵa itibar qaratıwı kerek.

Solay etip, qáte islewden hám sın pikirge ushırawdan qorqıw, hádden tıs bahalarǵa itibar qaratıw sezimi kreativlik qábiletti júzege shıǵarmaydı. Oqıwshılardıń qábiletleri xoshametlense hám unamlı ortalıq jaratılsa ǵana, kreativ pikirlewdi ádetke aylandırıw múmkin.

**Ádebiyatlar**

1. Ózbekstan Respublikasınıń 2020-jıl 23-sentyabrdegi «Bilimlendiriw haqqında»ǵı O‘RQ-637-sanlı Nızamı.
2. Aliyev A. O‘quvchilarning ijodkorlik qobiliyati. – Toshkent: «O‘qituvchi», 1991.
3. Ismailov A. [va boshq.]. Kreativ fikrlashni baholash. –Toshkent: «Ta’lim sifatini baholash bo‘yicha xalqaro tadqiqotlarni amalga oshirish milliy markazining matbaa bo‘limi», 2021.
4. Karimova B.E. Kreativ pedagogika. –Toshkent: «Innovatsion-Ziyo», 2022.
5. Mavlonova R.A., Abdurahimova D. Pedagogik mahorat. O‘quv qo‘llanma. –Toshkent: «Fan va texnologiya», 2012.

**REZYUME**. Maqolada boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining kreativ fikrlashini shakllantirish va rivojlantirib borish usullari haqida so‘z etilgan. O‘quvchilarning fikrlashi orqali muvoffaqiyatga erishishi, ularning o‘qituvchi tarafidan aniqlanishi va rag‘batlantirib borilishi tadqiqot ishimizning asosini tashkil qiladi.

**РЕЗЮМЕ**. В статье обсуждаются способы формирования и развития творческого мышления учеников начальной классы. Успех студентов с помощью творческого мышления, идентификации и поощрения каждого студента составляет основу исследования.

**SUMMARY**. The article discusses ways to form and develop creative thinking of primary school students. Students thinking, identification and stimulation of each student is the basis of the study.

## ETNOPEDAGOGIK QADRIYATLARDÍŃ TIKLENIWI – ÁDEP-IKRAM TÁRBIYASÍNÍŃ GIREWI

**A.K.Pazılov** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, professor*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** etnopedagogika, xalq pedagogikasi, qadriyat, shaxs, milliy qadriyat, axloq, hurmat, izzat, ajdodlar merosi.

**Ключевые слова:** этнопедагогика, народная педагогика, ценность, человек, национальная ценность, нравственность, уважение, почёт, наследие предков.

**Key words:** ethnopedagogy, folk pedagogy, value, human, national value, morality, respect, honor, ancestral heritage.

**Kirisiw.** Ózbekstanda tariyx jılnamalarına altın háripler menen jazılǵan ǵárezsizligimizdiń sharapatı menen jergilikli xalıqlardıń ásirler dawamındaǵı erkin hám ǵárezsiz, teńler ishinde teń bolıp jasaw ármanı iske astı. Ǵárezsizlikke erisilgennen keyin pedagogikamız tariyxında uzaq waqıt qadaǵan etilgen, dıqqat-itibardan shette qalǵan milliy miyrasqa qızıǵıwshılıq arttı. Olardaǵı aldıńǵı pedagogikalıq pikirler tálim-tárbiya procesine engizile basladı. Jańa sabaqlıqlar, oqıw qollanbalar payda bola bolıp, olardı jazıwda tariyxıy hújjetlerden, milliy-mádeniy, tariyxıy ádebiyatlardan keń paydalanıw isleri ámelge asırıldı.

Ǵárezsizlikke erisilgen dáslepki jıllardan baslap tálim-tárbiya tarawın reformalaw, onı ótmishten qalqan ideologiyalıq sarqıtlardan tazalaw boyınsha da bir qatar jumıslar alıp barıldı. Atap aytqanda elimizdiń Konstituciyası tiykarında Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamınıń (1992, 1997, 2020) hám Kadrlar tayarlaw boyınsha Milliy baǵdarlamasınıń (1997) qabıl etiliwi bilimlendiriw sistemasın qayta qurıw islerine tiykar boldı. Jańa tiptegi oqıw orınları payda boldı, olarda sabaq beriwshi múǵallimler hám professor oqıtıwshılar qayta tayarlıqtan ótkerildi, jańa áwlad sabaqlıqları hám basqa da oqıw ádebiyatları payda bola basladı, tálim mazmunın belgilewshi huqıqıy hújjetler túpten jańalandı, oqıw orınları rekonstrukciya etilip, materiallıq-texnikalıq bazası jaqsılandı, jańadan oqıtıwdıń pedagogikalıq hám informaciyalıq texnologiyaları jaratıldı, oqıw ornı, kitapxanaları bayıtıldı. Xalıq pedagogikasına, ásirese, milliy qádriyatlarımızǵa bolǵan qızıǵıwshılıq kúnnen-kúnge artıp bardı.

**Ádebiyatlarǵa sholıw.** Xalqımız pedagogikasında insan, jer, suw, hawa muqaddes sanaladı. Olardı eń ullı qádriyatlardan dep esaplaydı. Al, **qadriyat** túsinigine ilimpazlarımız tárepinen túrlishe pikirler aytıladı. Belgili filosof Q.Nazarov óziniń «Qádriyatlar filosofiyası (Aksiologiya)» atlı miynetinde, ilimpazlar tárepinen qádriyatqa otızdan ziyat táriyplewlerdiń berilgenligin, ele de táriyiplewler beriliwi múmkinligin esletip ótedi hám «…qádriyat aksiologiya (qadriyattanıw)dan basqa pánlerdiń hesh biri ushın jeke kategoriya emes» [7:51] degen pikirdi beredi. Jáne de óz pikirin dawam etip «Qádiriyat zat hám buyımlardıń qádirine qarata qollanılmay, al insan ushın qanday da bir áhmiyetke iye bolgan waqıyanıń formaları, halatları, zatlar, waqıyalar, hádiyseler, processler, sıpatlar, talap hám tártipler hám basqalardıń qádirin bildiriw ushın qollanılatuǵın aksiologiyalıq kategoriya» [7:27] degen toqtamǵa keledi.

Ózbek pedagogikası antologiyasında qadriyattı keń qamrawlı, purmaǵanalı, hikmetli sóz dep túsindiredi. «Sebebi, óz qadirin bilmegen adam basqalardıń qádirine jetpeydi. Tap sol sıyaqlı, óz milliy qádriyatların húrmet qılıp álpeshlemegen, rawajlandırıw haqqında oylamaǵan adam sol xalıqtıń wákili degen ullı ataqqa miyasar emes. Sebebi, milliy qádriyat xalıq ótmishine, bugini hám keleshegine, ilim hám mádeniyatınıń rawajlanıwına, milliy ádep-ikramlılıqqa joqarı húrmet penen belgilenedi» [10:5-6].

Tárbiya enciklopediyasında kórsetiliwi boyınsha «Qádriyat – waqıyalıqtaǵı belgili bir hádiyselerdiń ulıwmainsanıy, social-ádep-ikramlılıq, mádeniy-ruwxıy áhmiyetin kórsetiw ushın qollanılatuǵın túsinik. Insan hám insaniyat ushın áhmiyetli bolǵan barlıq nárseler, máselen, erkinlik, tınıshlıq, ádalat, sociallıq teńlik, aǵartıwshılıq, haqıyqat, jaqsılıq, gózzallıq, materiallıq hám ruwxıy baylıqlar, dástúrler, úrp-ádetler hám basqalar qádriyat esaplanadı» [9:509] delinedi.

Degen menen Q.Nazarov dástúr menen úrp-ádetlerdi óziniń ataması menen ataǵandı, qádriyatqa aralastırmaǵandı maqul dep esaplaydı. Qadriyat sóziniń massalıq bolıp ketkenin jaqsı dep túsinedi de, lekin onnanda beterirek «maǵanalarda isletiwge urınıw bul túsiniktiń mazmunın zayıplastıradı» [7:5] degen juwmaqqa keledi.

Ilimpazlardan A.Qaldıbekova hám B.Xodjaevlar ózleriniń «Pedagogikalıq aksiologiya» atlı metodikalıq qollanbasında «…nárse hám hádiyselerdi bahalawǵa baylanıslı insannıń ámeliy hám emocional qatnasların táriyiplew; insannıń psixologiyalıq sıpatların anıqlawshı ádep-ikramlılıq kategoriyalardı sıpatlaw; adamlar arasındaǵı qatnaslardı xarakterlewshi sociallıq hádiyselerdi táriyiplew»lerdi [3:6] qádriyat dep túsindiredi.

Ózbek tiliniń túsindirme sózliginde «Qádiriyat - reallıqtaǵı belgili hádiyselerdiń ulıwma insanıylıq, sociallıq-ádep-ikramlılıq, mádeniy, ruwxıy áhmiyetin kórsetiw ushın qollanılatuǵın túsinik. Insan hám insaniyat ushın áhmiyetli bolgan barlıq nárseler, máselen, erkinlik, tınıshlıq, ádillik, aǵartıwshılıq, haqıyqatlıq, jaqsılıq, materiallıq hám ruwxıy baylıqlarda qádiriyat esaplanadı» [11:207].

Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde qádriyat haqqında pikir júritilmeydi. Lekin qádir haqqında pikir júritilgende «...jámiyettegi adamlar arasındaǵı sıylasıq, húrmet, izzet» [4:385] sıyaqlı qadriyat úlgilerin bergendi maqul dep esaplaydı.

Biziń pikirimiz boyınsha qádriyat degenimizde adamlar tárepinen jaqsı menen jamannıń, ádeplilik penen ádepsizliktiń, aqıllılıq penen aqılsızlıqtıń, súykimli minez-qulıq penen súykimsiz minez qulqtıń parqına barıw ushın jaratılǵan, oylap tabılǵan hám olardıń adamlar turmısında paydalanıwı, kóriwi, esitiwi, aqıl juwırtıwlarına imkániyat jaratatuǵın biybaha baylıq túsiniledi. Jáne de, qaraqalpaq xalqınıń dástúrleri menen úrp-ádetleri xalqımız tárepinen qásterlenip, saqlanıp kiyatırǵan qádriyatlardı da ózinde jámleydi.

Adamlar arasında qádriyat sózin isletiwdiń óz aldına túsindiriw sheńberi hám ólshemi bar. Usı tápeplerin esapqa alıp qaraǵanımızda «Qádriyat tek ǵana buyım hám nárselerdiń ekonomikalıq bahalılıǵın emes, jámiyet hám insan ushın qanday da bir áhmiyetke iye bolǵan waqıyalıqtıń formaları, halatları, nárseler, waqıyalar, hádiyseler, talap hám tártipler hám basqalardıń qádirin sáwlelendiriw ushın da isletiledi» [9:509]. Demek, turmısımızda ushırasatuǵın hám óziniń ájayıplıǵı menen kózge taslanatuǵın qanday da bir waqıya yaki hádiyselerdiń, kórinislerdiń ámelge asırılıw formaların qádriyat dep túsiniwimizge boladı.

Ilimpaz M.Farmonova da óz miynetinde «…qádriyatlar óz mánisleri boyınsha hár túrli. Olar arasında tábiyiy, materiallıq, ruwxıy, sociallıq-siyasiy, ádep-ikramlılıq qádriyatlar óz aldına ajıralıp turadı. Solay bolsa da, qádriyatlardıń eń ullısı insannıń ózi, turmısı, huquqı hám erki, salamatlıǵı hám parawan turmısı esaplanadı» [12:5] dep anıqlama beredi.

Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulı óziniń «Ayrılsa» atlı qosıǵında «Bul dúnyanıń kórki adam balası» [2:40] dep adamdı dúnyadaǵı barlıq janzatlardıń ishindegi eń ullısı hám eń qádirlisi dep túsinip, onı eń joqarı qadriyat sıpatında bahalaydı. Al, ullı túrkmen shayırı Maqtumqulı bolsa óziniń «El jaqsı» qosıǵında «Adam bolıp adam qádirin bilmegen, onnan kóre otlap júrgen mal jaqsı» [6:22] dep, birinshi náwbette adamlar bir-biriniń qádirlerin biliwi kerekligin, egerde bir-birlerining qádirlerin bilmese olardıń maldan artıqmashlıǵınıń sezilmey qalatuǵınlıǵın esletip ótedi. Jáne de «Bolmasa» qosıǵında «Qádir bilgenlerden kewil

suwıtpa, qádir bilmeslerdi janǵa juwıtpa» [6:22] dep óziniń danalıq pikirlerin bayanlawdan jalıqpaydı.

**Tiykarǵı bólim.** Degen menen xalqımız jaratqan etnopedagogikalıq qadriyatlardı úyreniw, bul ata miyrastı kózdiń qarashıǵınday abaylap saqlaw, onıń qádirine jetiw, onı túsiniw hám tárbiya islerinde sheberlik penen paydalanıw kommunistlik ideologiya húkim súrip turǵan bir waqıtları itibardan shette qaldı. Milliy qádriyatlarımızdı, úrp-ádet, dástúrlerimizdi, mádeniyatımızdı, ayrım milliy oyınlarımızdı tálim-tárbiya islerinde paydalanıwǵa derlik ruxsat berilmedi. Olar ashıqtan ashıq qısımǵa ushıradı. Qadaǵan etildi. Mektep baǵdarlamalarına kirgizilmedi. Onıń ornına Evropa hám rus xalqınıń ádebiyatın, mádeniyatın, tariyxın, pedagogikasın, psixologiyasın úyreniw isleri zorlıq penen kirgizildi.

Qaraqalpaqstandaǵı birinshi ilim doktorı N.Dáwqaraev Berdaq Ǵarǵabay ulı haqqındaǵı materiallardı, ayırım dástanlardı járiyalatıwǵa háreket etkeni ushın náhaqtan jabılǵan jalalardıń qurbanına aylandı. 1937-jılı baspadan shıǵarılǵan «Edige» dástanı izertlew obyektine aylana almay qaldı. Hátteki Moskva kitapxanasında onı ksereokopiyalatıp alıwǵa 1977-1978-jılları ózime de ruxsat etilmedi. Oraza tutqanlarǵa komissiya bolıp júrip, nan jegizip azabın berdi. Namaz oqıw qadaǵan etildi. 1980-1989-jıllar aralıǵında awqattan keyin jaqsı tilekler aytıp pátiya islew ge de tıyım salındı. Ólgen adamlardıń janazasın oqıwǵa da ruxsat etilmedi. 1939-jıl 14-oktyabr kúni «SSSR IIXK UsazLagtıń «Málik» sovxozı 4-b. L/P III de saqlanǵan №156725 sanlı jınayatlı is boyınsha tutqındaǵı Joldasov Lepesten «Keshirim tuwralı arza»sında [8:30-31] kórsetiliwi boyınsha qońsısınıń janaza namazına qatnasqanı ushın 10 jıl qamaqqa húkim etilgenligi haqqında maǵlıwmatlar tabılǵan.

Ólini áwliyege alıp barǵan avtomashinalar áwliyege kiriw waqtında irkinishsiz ótse de, áwliyeden shıqqan waqıtlarında sol jerde júrgen ishki isler bólimi inspektorları tárepinen uslanıp, hálekshilikke salındı. Hápteniń piyshembi kúnleri áwliyege ata-analarıń, tuwǵan-tuwısqanların ziyarat etiwge barǵanlardıń basına «Jumıs waqtında áwliyege kelip júripti» degen ayıplawlar qoyıldı. Dindi áshkaralaǵanlar marapatlandı. Muqaddes qurandı, hádislerdi, diniy kitaplardı awdarma jasaw, onı mektep oqıwshılarınıń oqıp, tanısıwına jol qoyılmadı.

Qaraqalpaqstandaǵı eń úlken Qaraqum iyshan medresesi 1925-jılı jabıldı. Áwladları Tájetdiyin, Idiris, Ilyas iyshanlar quwdalandı. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda eń ullı qádriyatlarımızdan biri bolǵan «Iyesiz qalǵan medreseniń úlken kitap qorı talan-taraj etiledi. Kitaplardıń bir bólegi altı ógiz arbaǵa tiyelip, Shımbaydıń qaq ortasına ákelinip, pútkil xalıqtıń kózinshe órteledi» [8:39].

Ayrım, ertede álemnen ótken shayır hám jazıwshılar shıǵarmalarınıń mazmunı zamanǵa beyimlestirilse ǵana basıwǵa ruxsat etildi. Máselen, ullı Berdaq shayırdıń qosıǵındaǵı «Shar kitap»tan tura qashtım» degen qatarlardı Berdaq jazdı degenge heshkim isenbeydi. Sebebi, ol oqımıslı adam bolǵanı ushın Shar kitaptan tura qashıwı múmkin emes. Ol negizinde «Shar kitap»qa qushaq ashtım» dep jazǵan bolıwı múmkinligi waqtında eske alına bermese de endi eske alınıp atır. Mine usınday orınsız kemsitiwler, quwdalawlardıń nátiyjesinde xalqımız óziniń ózligin derlik umıta basladı. Óziniń dinge hám erteńgi kúnine bolǵan iseniminen ayrıldı, anıǵıraq etip aytqanda, xalqımız «orıslastı».

Bul dáwirde mektepte bilim alǵan oqıwshılar, olardıń ata-anaları ushın qádirli sanalǵan muǵallimlerge bolǵan húrmette joǵala basladı. Ustaz atańday ullı degen ibratlı sózler ápsanaǵa aylana basladı. Ǵárezsizlikten aldıńǵı hám ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında da respublikamızda muǵallimlerdiń ahwalı jaqsılanıp kete bermedı. Olar jergilikli basqarıw uyımlarınıń qoljawlıǵına aylandı. Olar óz jumıslarınan tısqarı paxta atızlarında paxta terdi, otaq otadı, hár bir shańaraqtıń paydalanǵan gaziniń, svetiniń esabın alıp shıqtı. Bul azday gazden, svetten, salıqtan qarızdar xojalıqlarǵa barıp, «Qarızlarıńızdı tóleyǵoyıń» dep jalınıp júrdi. Qarızdar xojalıq qarızın tólemese muǵallimniń aylıǵınan óndiriletuǵınlıqları eskertildi. Muǵallimler bunday qorlıqlarǵada shıdadı. Shıdamaǵanlar jumısların taslap ketti. Tek ǵana Sh.Mirziyoyev hákimiyat basına kelgennen keyin muǵallimler bul qorlanıwlardan qutıldı.

Usınday oǵada ullı tárbiyalıq áhmiyetke iye bolǵan etnopedagogikalıq miyraslarımız ǵárezsizligimizden aldıńǵı jılları durıslap qádirlenbedi, shala orıslasıp baslaǵan jaslarımız «pátiya waqıttı aladı» dep túsindi, nannıń usaqların terip jewge umtılǵanlardıń ústinen kúldi, azanda ata-enesiniń chayın qaynatıwdıń ornına ata-eneleri kelinniń chayların qaynattı, nan awız tiygiziw dástúri joǵala basladı, toy-merekelerdi úylerde emes, al, kafe hám restoranlarda beriw ádetke aylandırıla basladı. «Tariyxıy miyrastı asırap-abaylaw, olardı úyreniw hám áwladlardan áwladlarǵa qaldırıw...» [1:29] kerekligin hesh kim túsingisi kelmedi. Tek ǵana ǵárezsizligimizdiń sharapatı menen bul másele «...mámleketimiz siyasatınıń eń áhmiyetli baǵdarlarınıń biri» [1:29] ne aylandı.

Házirgi waqıtta xalqımızdıń «Ruwxıy dúnya – insannıń, xalıqtıń, jámiyettiń, mámlekettiń kúsh qúdireti» [5:5] ekenligine isenimi arttı. Tek ǵana awıl hám qalalardı abadanlastırıw emes, al, qoyımshılıqlardı da abadanlastırıw isleri jolǵa qoyıldı. Kem támiyinlengen xojaliqlardıń halınan xabar alıp turıw, úylerin remontlap beriw, ayrımlarına jańadan jay salıp beriw, balalarınıń, aqlıqlarınıń súnnet toyların biypul ótkerip beriw, súnnet etilgen balalardı at arbalarda qıdırtıw isleri qolǵa alındı. Olardıń ul-qızlarına da ǵamxorlıq kórsetilip, joqarı oqıw orınlarına oqıwǵa kiriwleri ushın múmkinshilikler jaratıldı, qosımsha kvotalar ajratıldı, ayrımlarınıń kontrakt tólemleri tólep berildi. Elimiz miyrim-shápáát nurı menen bezetildı.

Eń quwanarlısı bunday ibratlı isler jaslarımızdıń kóz aldında ámelge asırıldı. Sonlıqtan da, jaslarımız sawap isti hár kimniń, hár kúni islewleri kerekligin túsindi hám olardıń ózleri de sawap isti islewden jalıqpadı. Qariyalardıń, mayıplardıń hám jalǵız baslılardıń, kún kórisleri qıyın bolǵan shańaraqlardıń awhalınan jiyi-jiyi xabar alıwdı kúndelikli ádetine aylandıra basladı. Olar awıl hám qalalardı kóklemzarlastırıw islerine qunt hám ıqlas penen aralasıp ketti. Bul arqalı ózlerinde de baǵ jaratıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqlar barǵan sayın kúsheyse kúsheydi, biraq páseymedi. Bul kórinislerdiń barlıǵı qayta tiklenip atırǵan qádriyatlarımızdıń jaslar tárbiyasına tikkeley tásir jasap atırǵanlıǵınan derek beredi.

Etnopedagogikalıq qádriyatlarımızdan orın alǵan ustazdı sıylaw máseleleri jolǵa qoyıldı. Ustazdı húrmetlew, onıń qádir-qımbatın, abıroyın arttırıw máselesi mámleket sheńberindegi máselelerdiń qatarınan orın aldı. Bunday

ibratlı islerdi ámelge asırıwda Ullı sahıpqıran Amir-Temir babamızdıń óz ustazın tán alǵanlıǵı hám oǵan sheksiz minnetdar bolǵanlıǵın bildirip, dúnyadan ótpesinen aldın ózin ustazınıń ayaq ushına jerlewdi wasiyat etkenligi, wasiyattıń orınlanǵanlıǵıda itibardan shette qalmadı.

Juwmaqlap aytqanda bul kórinislerdiń barlıǵı qayta tiklengen hám qayta tikleniwin ele de dawam etip atırǵan etnopedagogikalıq qádriyatlarımızdıń kóp qıyınshılıqlar menen bolsa da qayta tikleniwi – ádep-ikram tárbiyasınıń girewi ekenligi amelde óz kórinislerin tabıwǵa imkániyat jaratıldı. Tiklengen qádriyatlarımız járdeminde jaslarımızda, sonıń ishinde, bolajaq oqıtıwshılarda da ádep-ikramlılıq kónlikpelerdi jetilistiriw – naǵız sotsial-pedagogikalıq zárúriyat ekenligi óz-ózinen málim boldı.

**Ádebiyatlar**


1. Mirziyoyev Sh. Islom hamkorlik tashkiloti Tashqi ishlar vazirlari kengashi 43-sessiyasining ochilish marosimidagi nutqi. 2016-yil 18-oktyabr. / Milliy taraqqiyot yoʻlimizni qatiyat bilan davom ettirib, yangi bosqichga koʻtaramiz. – Toshkent: «Oʻzbekiston» NMIU 2017.
2. Ajiniyaz. Shıǵarmaları. –Tashkent: «Adabiyot», 2024.
3. Kaldıbekova A., Xodjaev B. Pedagogik aksiologiya [Text]: uslubiy qwllanma / A.Qaldibekova, B.Xodjaev. – Toshkent: Alisher Navoiy nomidagi O’zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti, 2009.
4. Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózligi. Jeti tomlıq. Tórtinshi tom Z-Q (qozdırıwshılıq) - [Tekst]. -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2023.
5. Qaraqalpaq etnopedagogikası. Pedagogikalıq institut talabaları ushın oqıw qollanbası. –Nókis: «Bilim», 2010.
6. MAQTUMQULI. Qosıqlar. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1984.
7. Nazarov Q. Qadriyatlar falsafasi (Aksiologiya). -T.: «Akademiya», 2011.
8. Nızanov M. Qaraqalpaqlar [Tekst]; II kitap. – Nókis: «Bilim», 2021.
9. Tarbiya: (ota-onalar va murabbiylar uchun enciklopediya) / tuzuvchi M.N.Aminov. -T.: «O’zbekicton milliy ensiklopediyasi» Davlat ilmiy nashriyoti? 2010.
10. Oʻzbek pedagogikasi antologiyasi (ikki jildli) 1-jild. –Toshkent: «Oʻqituvchi», 1995.
11. Oʻzbek tilining izohli luǵati. “Oʻzbekiston milliy entsiklopediyasi”. – Toshkent: www.ziyouz.com kutubxonasi. 207-b.
12. Farmonova M. Qadriyatlar – manaviy kamolot asosi. Ilmiy-uslubiy qoʻllanma. –Toshkent: «Tasvir». 2019.



**REZYUME.** Maqolada qadriyat tushunchasiga ilmiy baho berilgan hamda davlat va jamiyatning mustaqillikka erishgunga qadar milliy qadriyatlarga munosabati va ularning zamonaviy davrda axloqiy tarbiyaga aloqadorligi qiyosiy tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье даётся научная оценка понятию ценности и проводятся сравнительный анализ отношений государства и общества к национальным ценностям до обретения Независимости и их отношения к нравственному воспитанию в современную эпоху.

**SUMMARY.** The article provides a scholarly assessment of the concept of value and provides a comparative analysis of the state and society's approach to national values in the pre-independence period, as well as the current approach to moral education.


## INKLYUZIV TÁLIMDE KITAPQUMARLÍQ MÁDENIYATÍN RAWAJLANDÍRÍWDÍŃ PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ


**G.N.Pirniyazova –** *stajyor oqıtıwshı*

**G.J.Bektursinova** – *stajyor oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch soʻzlar:** inklyuziv ta’lim, oʻquvchi, oʻqituvchi, kitob, kitobxon, madaniyat, pedagogika, oʻqish.

**Ключевые слова:** инклюзивное образование, ученик, учитель, книга, читатель, культура, педагогика, чтение.

**Key words:** inclusive education, student, teacher, book, reader, culture, pedagogy, reading.


Inklyuziv tálim sistemasında oqıtıwshılardıń kásiplik sheberligi hám birge islesiwi dáslep ayırıqsha zárúrlikke iye balalar menen islesiwdiń ózine tán ózgeshelikleri menen baylanıslı. Inklyuziv tálim mayıplıǵı bolǵan balalarǵa hámme ushın teń múnásibetti támiyinlewshi, biraq arnawlı zárúrlikke iye balalar ushın kerekli shárayat jaratawshı ideologiyaǵa tiykarlanadı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında hámme ushın tálim alıw huqıqı kepillengen. Milliy nızamshılıǵımızda mayıplıǵı bolǵan shaxslar ushın dárejelerdi payda etiwde teń huqıqlar belgilengen. Búgingi kúnde mayıplıǵı hám rawajlanıwında nuqsanı bolǵan balalardıń sıpatlı bilim alıwı hám keyinshelli múnásip jumıs tabıwı ushın olarǵa haqıyqıy inklyuziv shárayatlardı jaratıw boyınsha mámleketimizde bir qatar jumıslar ámelge asırılmaqta.

Inklyuziv tálimniń áhmiyetli mashqalalarınan biri bolǵan ayırıqsha tálimge zárúrligi bolǵan tálimnin áhmiyetli mashqalalar toparın anıqlap, olarǵa sıpatlı tálim formalarında bilim beriw hám dárejesin anıqlawdan ibarat. Inklyuziv tálimdi rawajlandırıwda ústin baǵdarlarǵa iye bolǵan principleri hám baǵdarlar zárúr áhmiyetke iye.

Ulıwma bilimlendiriw baǵdarlamasınıń nátiyjeli rawajlanıwı ushın mayıp oqıwshılarǵa arnawlı sharayatlar jaratıp beriliwi lazım. Dáslep, biz shınıǵıwlarǵa jantasıwlardı individualizaciya qılıw, atap aytqanda shınıǵıwdı shólkemlestiriw ushın shárayatlardı tańlaw, wazıypalardı orınlaw formasın individuallastırıw hám nátiyjelerdi usınıwdıń alternativ usılların tanlaw, nátiyjelerdi sıpatlı bahalawǵa jantasıw talap etiledi. Sonday-aq, inklyuziv tálim shárayatında mayıplıǵı bolǵan balalardı kitapqumarlıq mádeniyatı ruwhında tárbiyalaw házirgi kunniń aktual wazıypalarınan bolıp esaplanadı.

Búgin watanımızdıń jedel rawajlanıp atırǵan bir dáwirinde babalarımız hám ilimpazlar pikirinde sáwlelengen kitap oqıw hám kitapqumarlıq mádeniyatın